**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ**

# Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 15-февральдағы 39-санлы буйрығының орынланыўы ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Ҳалық билимлендириў министрлиги тәрепинен Россия Билимлендириў министрлиги хәм "Көркем-өнер, илим хәм спорт" қайырқойымлық фонды менен биргеликте әмелге асырылып атырған "2020-2030-жылларда Өзбекстан Республикасы мектеплеринде рус тили пәни хәм улыўма билим бериў пәнлерин рус тилинде оқытылыўының сапасын асырыў - "ЗОР" ("КЛАСС") жойбарының 2-басқышын әмелге асырыў мақсетинде қабыл етилген Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 15-февральдағы 39-санлы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 15-февральдағы "2020-2030-жылларда Өзбекстан Республикасы мектеплеринде рус тили пәни хәм улыўма билим бериў пәнлерин рус тилинде оқытылыўының сапасын асырыў - "ЗОР" ("КЛАСС") жойбарының 2-басқышын әмелге асырыў ҳаққында"ғы 39-санлы буйрығы орынланыў ушын басшылыққа алынсын.

2. Жоқарыдағы буйрық пенен:

"Зор" ("Класс") жойбарының 2-баскышын әмелге асырыў мәкcетинде А.И.Герцен атындағы Россия мәмлекетлик педагогика университети тәрепинен Өзбекстанға жиберилген қәнигелер ушын ис-илажлар бағдарламасы 1-қосымшаға;

"Зор" ("Класс") жойбары шеңберинде россиялық муғаллимлер тәрепинен шеберлик саатлары өтилетуғын улыўма билим бериў мектеплери дизими 2-қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы;

"Зор" (Класс) жойбарының 2-басқышын әмелге асырыўда Халық билимлендириў хызметкерлерин қайта таярлаў хәм олардың қәнигелигин асырыў аймақлық орайы директоры, барлық район (қала) халық билимлендириў бөлими баслықлары жуўапкер етип белгиленгенлиги мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Республика оқыў методика орайы (Қ.Жубанов), ХБХҚТхҚА аймақлық орайы (Б.Диланов)на:

Үш күн мүддетте усы буйрықтың 2-қосымшасын белгиленген мектеплерге жеткериў;

Россиялық муғаллимлердиң жумыс искерлигин хәм шеберлик саатларын шөлкемлестириў ушын барлық шәрәятларды жаратыў;

Оқыўшыларының рус тилин билиў дәрежесин арнаўлы методикалар тийкарында сынаўдан өткерилиўине көмеклесиў;

Әмелге асырылып атырған жумыслар ҳаққында А.Авлоний атындағы Халық билимлендириў машқалаларын үйрениў ҳәм келешек раўажланыўларын белгилеў илимий-изертлеў институтына турақлы түрде мағлыўмат киритип барыў ўазыўпалары жүклетилсин.

5. Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў хызметкерлерин қайта таярлаў ҳәм олардың қәнигелигин арттырыў аймақлық орайы (Б.Диланов)на:

Россиялық методистлердиң аймақлық қәнигелик аттырыў орайында жумыс алып барыўы ушын зәрүр шәрт-шәраятлар жаратыў;

Россиялық методистлер менен бирге́ликте қәнигелик арттырыў курсларының оқыў дәстүрлерин жетилистириў илажларын көриў;

Россиялық методистлер менен бирге́ликте рус тили оқытыўшыларының метод күнлеринде оқытыўшыларының қәнигелигин асырыўға қаратылған оқыў семинарларын шөлкемлестириў ўазыйпалары жүклетилсин.

6. Нөкис қалалық, Әмиўдәрья, Беруний, Шымбай, Қоңырат, Хожели районлық халық билимлендириў бөлими баслықларына:

Россиялық муғаллимлер тәрепинен шеберлик саатлары өткерилетуғын улыўма билим бериў мектеплерине район (кала) халық билимлендириў бөлимлеринен жуўапкер қәнигелерин бириктириў;

Жатақ жай менен тәмийинлеў ҳәм жатақ жай ижарасы қәрежетлери менен байланыслы машқалаларды алдын ала жергиликли Ҳәкимликлер менен бирге́ликте шешиў ўазыйпалары тапсырылсын.

7. Министрликтиң Баспасөз хызмети (Т.Даулетмуратов) усы жөйбар бойынша алып барылып атырған жумысларды ғалаба хабар қураллары арқалы сәўлелендирип барыў, рәсмий интернет сайтларына жайластырыўды тәмийинлесин.

8. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары А.Худайбергеновқа жүкленсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл «19» Февраль
№ 46